*Taqıyatas rayonı*
*Málimleme-kitapxana orayı*
*Maǵlıwmat-bibliografiya xızmeti*



# «Xalqın súygen azamat shayır»
# Kúnxoja Ibrayım ulı 126 jasta
# (Bibliografiyalıq sholıw)

*Taqıyatas 2025*

# KIRISIW

Ádebiyatımızdıń eń dáslepki hám kórnekli wákillerinen biri Kúnxoja Ibrayım ulı XIX ásir qaraqalpaq shayırlarınıń ishinde ózine tán qosıqları menen ádebiyat tariyxında salmaqlı orın iyeleydi. Kúnxoja Ibrayım ulı - qaraqalpaqlardıń Xorezmge kelip qonıslanǵannan keyingi birinshi shayırı, baqsısı, xalıq mápin jırlawshı klassik shayırı bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq ádebiyatınıń ullı perzenti talantlı shayır, sóz zergeriniń biri Kúnxoja Ibrayım ulı bıyıl 226 jasqa toladı. Usı múnásebet penen Málimleme-kitapxana oraylarında, mektep kitapxanalarında «Qaraqalpaq klassik poeziyasınıń kórnekli wákili», «Xalqın súygen azamat shayır», «Haqıyqatshıl hám batıl shayır», «Qaraqalpaq ádebiyatınıń sóz zergeri» atamasında kitaplar kórgizbesin shólkemlestirse boladı.

## *Kúnxoja Ibrayım ulınıń ómiri hám dóretiwshiligi*

Kúnxoja Ibrayım ulı 1799-jılı tuwılıp, 1880-jılı qaytıs bolǵan. Shayır jarlılıq jaǵdayına baylanıslı awıllıq medresedegi oqıwında taslap, júdá jaslayman kisi esiginde jallanıp miynet ete baslaydı. Shayırdıń ata-anası ol ele kishkene bala waqtında-aq qaytıs bolǵan. Bunı onıń qosıqlarındaǵı: «Atam óldi ráhátimdi kóre almay» («Ármanda»), «Anadan jetim qalıppan, qańǵırǵan jetim bolıppan» («Ne boldı») degen qatarlar kórsetedi. Kúnxojanıń ómirbayanı haqqındaǵı maǵlıwmatlar onıń "Jarımadım", "Jaylawım" qosıqlarında da beriledi. Kúnxoja shayır júdá jas kezinen, tap ómiriniń aqırına shekem qaraqalpaq jarlılarınıń birewi bolıp awır turmıstı basınan keshiredi. Usı awır turmıs onıń mektebi de ómir haqqındaǵı biliminiń, dúnyaǵa kóz-qarasınıń dáregi de boladı. Ol balıqshılıq etedi, kisi esiginde jallanıp, kúnlikshilik etedi. Qızıl qumlarda qoy baǵadı, pútkil Xorezm oypatın hám qazaq dalasın gezip sergizdanlıqta ómir keshiredi. Bul turalı shayır:

«Bul dúnyaǵa shıqqalı men,
Jarımadım, jalshımadım,
Balalarım otır jalańash,
Kúyik penen aǵardı shash»-dep eskertedi.

Kúnxoja dáslep Moynaqta, Jańadarya boyındaǵı mektep-meshitte oqıp sawat ashıp soń Qaraqum iyshan mediresesinde óz bilimin jetistiredi. Medresede ol diniy bilimler menen qatar tábiyattı, dúnyalıq ilimler menende shuǵıllanadı. Jáne de Xoja Axmet Yassawiy, Sulayman Baqırǵaniy, Suwpi Allayar, Nawayı, Fizuliy, Bedil, Maqtumqulı miynetleri menende tanısadı. Kúnxoja jetimlik hám joqshılıqqa qaramastan medresede oqıwın dawam etip onı pitkeredi. Keyin óziniń awılında ustazlıq etip balalardı oqıtadı, mektep shólkemlestiredi. Ózi baqsıshılıqtı hám qıssaxanlıqtı uyrenedi,

xalıq aldında kórkem shıǵarmalardı oqıp hám duwtar menen berip júredi. Duwtardı da jaqsı shertetuǵın sazende boladı. Shayır júdá ataqlı baqsı bolǵan. Bunıń da shayır turmısına sebi tiymegen, qayta onıń quwǵınǵa ushırawına sebepshi bolǵan. Óytkeni ol shayır sıpatında da, baqsı sıpatında da xalıqtıń jırın jırlaǵan.

Xiywa xanı Mádemin xan shayır, sazende, baqsı, qıssaxanlardı jıynap, mushayralar ótkerip, sóz sheberleriniń talantlıların jıynap, xanlıqtı maqtatadı. Usınday saltanatlı xanlıq jıyınǵa Kúnxoja da qaraqalpaq xalqınıń shayırı sıpatında shaqırtıladı. Kúnxoja shayırdıń xalqımız atınan bul xanlıq jıyınında xanlıqtaǵı sociallıq-siyasiy kemshiliklerdi real demokrtiyalıq usılda sáwlelendiriwi shayırdıń haqıyqatshıllıǵın hám batıllıǵın kórsetedi.

Kúnxoja ózi jasaǵan zamanda joqshılıqtıń azabın kóp tartqan qıyın turmıstıń ózi onı shayır etip tárbiyalaǵan. Ol erkin ómirdi árman etken, turmıs haqıyqatlıǵı onıń qáleminen real sáwlelengen qaraqalpaq klassik ádebiyatınıń tolıq qáliplesip, mazmun hám forma jaǵınan anaǵurlım bayıǵan dáwirleri edi. Sonıń ushın da onıń dóretiwshiligin tuwısqan xalıqlar ádebiyatı menen baylanıstırmay, onıń qaleminde payda bolǵan jańashıllıq dástúrlerin salıstırmay dáliyllew qıyın. Sebebi, Kúnxoja ulıwma qaraqalpaq ádebiyatında eń birinshi ret qosıq janrın baslawshılarınıń biri. Óytkeni, XIX ásirdiń birinshi yarımında jasaǵan Kúnxojaǵa shekemgi qaraqalpaq ádebiyatınıń baslawshıları Soppaslı Sıpıra jıraw, Asan qayǵı, Jirenshe sheshen hám basqalar ózlerinin dóretiwshiligin terme tolǵawdan baslaǵan. Qaraqalpaq ádebiyatında Kúnxoja dóretiwshiligi baslanıwı menen bull janrlar tiykarınan jaydarı qosık janrı menen almasadı. Kúnxojanıń qosıqlar toplamı 1949 jılı jarıq kórip, onı toplawǵa kórnekli tariyxshılar P.P.Ivanov Xam S.P.Tolstov, A.Sokolov hám basqalardıń miynetleri úlken boldı.

Kúnxojamń dáslepki toplamın baspaǵa tayarlawda kórnekli ilimpaz Nájim Dáwqaraevtıńda miynetleri aytarlıqtay boldı. Ádebiyat izertlewshi ilimpazlardan: M.Nurmuhammedov, I.Saǵitov, Q.Ayımbetov, B.Ismaylov, Q.Maqsetov, S.Axmetov, N.Japaqov hám A.Karimovlar xalıq arasınan Kúnxojanıń jańa qosıqların jazıp alıp, Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń Qaraqalpaqstan filialı kitapxanasına tapsırdı. Kúnxoja dóretiwshiliginiń keyingi dáwirin izertlewde belgili ádebiyatshı Babash Ismaylovtıń úlken úlesi bar. Ol 1960 jılı Kúnxoja shıǵarmalarınıń tolıq jıynaǵın baspaǵa tayarlaw menen birlikte 1961 jılı Kúnxojanıń ómiri hám dóretiwshiligine arnap, kólemli monografiyalıq miynetin jazıp pitkerdi hám oqıwshılarǵa inam etti.

Шайыр қайда жүрседе мийнеткеш халықтың тәрепдары болған. Күнхожа дөретиўшилигиниң дереги – ол жасаған дәўир ўақыялары болды. Шайырдың дөретиўшилигин туўылған елге жалынлы муҳаббат, оның аўыр тәғдирин қабырғасы қайысып қайғырыў, жақты келешегин ынтық болып күтиў характерлеп турады. Шайыр қандай турмыс ўақыясын суўретлемесин, олардан биз мийнеткеш халықтың жан түршигерлик аўыр өмирин көремиз.

Shayırdıń «Zaman» dep atalatuǵın bir qosıǵınıń ózinde, ol jasaǵan dáwirdiń neshe túrli awır kartinaları júdá xarakterli faktler arqalı súwretlenedi.

Qarap tursań bull zamanǵa,
Sonday jaysız shıbın janǵa,
Jılǵa, saylar toldı qanǵa,
Álewmet bull qanday zaman.
Eginlerdi suwıq urdı,
Erte bastan suw qurıdı,
Kimler asıp ketti qırdı,
Qıyan-kesti boldı zaman.

Bul jerde dáwirdiń hámme mashqalaları menen judalıqları-ashlıqta, jawgershilikte, suwsızlıqta, hálsizlikte, awırıw apatı da, jetim-jesirlikte, posqınshılıqta barlıǵı anıq súwretlengen. Búgingi kúnde shayırdıń kópshilik qosıqları bizge shekem jetip kelgen. Ol miynetlerinde ózine tán hawazı hám obrazlı tili menen óz zamanınıń, óz xalqınıń kelbetin, milliy kórinisin, tilin xatqa túsirip keleshekke miyras etip qaldırǵan.

Qaraqalpaq xalqınıń kórnekli shayırı Kúnxoja Ibrayım ulı xalıqtıń abadan turmısqa erisiwiniń tiykarı adamlardıń tálim-tárbiyalı bolıwında dep qaradı. Ásirese, oqıw bilimdi rawajlandırıw arqalı dúnyanı biliw múmkinshilikleri keńeyetuǵınlıǵın bayanladı.

Kúnxoja Ibrayım ulı XIX ásirdegi bizge belgili birinshi qaraqalpaq shayırı bolıp, ol óz shıǵarmalarında burın bolmaǵan jańa mazmun, jańa ideya hám mashqalalardı qoya bildi. Onıń óz zamanında dóretken poeziyalıq shıǵarmaları xalıq awzında uzaq jıllar boyı saqlanıp, búgingi kúnimizge jetip kelgen.

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq ádebiyatınıń ullı sóz zergeri, qaraqalpaq ádebiyatınıń salmaqlı orınǵa iye ádebiy tulǵa Kúnxoja Ibrayım ulınıń dóretiwshiligi XIX ásir qaraqalpaq klassik ádebiyatı, milliy mádeniyatımız, ruwxıy turmısımız tariyxında tákirarlanbas orındı iyeleydi.

**Paydalanǵan ádebiyatlar:**

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Málimleme-kitapxana orayı, Metodikalıq qollanba 2019j

2. Kúnxoja. (Saylandı qosıqlar jıynaǵı) // Nəkis. «Bilim» 2019 j. 120b

Tayarlaǵan: -J.Kadirbaeva